

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan nya éta cara anu dipaké dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2013, kc.203). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitis kalawan pamarekan kualitatif étnografi. Nurutkeun Setyosari (2012, kc. 39), anu disebut panalungtikan déskriptif téh mangrupa panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngajéntrékeun atawa ngagambarkeun hiji kaayaan, kajadian, objék, jeung hal-hal séjén anu patali jeung variabel-variabel anu bisa dipedar boh ku angka-angka boh kalimah.

Métode déskriptif analitis medar ngeunaan pasualan-pasualan anu ditalungtik sacara jéntré, ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis sacara kritis kana data-data anu ditalungtikna, saluyu jeung fakta-fakta anu kacangking waktu panalungtikan. Métode déskriptif analitis étnografi téh dipilih pikeun nganalisis kelompok kasenian. Prosés panalungtikan anu ngagunakeun stratégi étnografi téh sipatna fléksibel, saluyu jeung kondisi panalungtikan dina kajadian-kajadian waktu lumangsungna panalungtikan di lapangan. Saperti anu ditétélakeun ku Creswell (2012, kc. 20), stratégi étnografi nya éta saperti ieu di handap.

*“Etnografi merupakan salah satu strategi penelitian kualitatif yang di dalam penelitiannya menyelidiki suatu kelompok kebudayaan di lingkungan yang alamiah dalam periode yang cukup lama dalam pengumpulan data utama, data observasi, dan data wawancara. Proses penelitian fleksibel dan biasanya berkembang sesuai kondisi dalam merespon kenyataan-kenyataan hidup yang dijumpai di lapangan.”*

Métode déskriptif analitis étnografi dipilih pikeun nganalisis kelompok kasenian. Dipiharep bisa méré gambaran anu lengkep tur teleb, ku cara ngumpulkeun data, nyusun klasifikasi data, sarta nganalisis data pikeun nyangking jawaban jeung kacindekan. Ieu métode dipaké pikeun ngagambarkeun data-data anu patali jeung ulikan sémiotik, hususna dina kasenian penca silat Sera anu aya di Sanggar

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

**KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |


[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Pusaka Karuhun Kampung Pabuaran Désa Cikopomayak Kecamatan Jasinga Kabupatén Bogor.

### 3.1 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan mangrupa rancangan anu digunakeun pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina panalungtikan, ti mimiti tatahar nepi ka nyieun kacindekan jeung nyusun laporan panalungtikan dina wangun skripsi. Desain ieu panalungtikan digambarkeun dina wangun bagan ieu di handap.

Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan



Siti Rohmah  
KASENIAN PE  
PABUARAN D  
BOGOR PIKEU

UN KAMPUNG  
UPATÉN  
A KELAS XII



### 3.2.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting dina prosés ngumpulkeun atawa nyangking data anu ditalungtik. Sumber data anu aya dina ieu panalungtikan nya éta hasil wawancara jeung sababaraha narasumber, minangka hasil tina pangaweruh jeung paripolah tokoh kasenian penca silat Sera. Narasumber anu mindeng diwawancara nya éta pupuhu Sanggar Pusaka Karuhun, sesepuh atawa jalma-jalma anu weruh ngeunaan kasenian penca silat Sera anu aya di Sanggar Pusaka Karuhun, sarta sumber-sumber lianna anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

### 3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan nya éta di Sanggar pusaka Karuhun anu pernahna di Kampung Pabuaran Rt 01 Rw 05 Désa Cikopomayak Kecamatan Jasinga Kabupaten Bogor. Désa Cikopomayak téh miboga wates wilayah, nya éta di kalér diwatesan ku Désa Sétu atawa Jasinga, di kidul diwatesan ku Désa Baréngkok atawa Argapura, di wétan diwatesan ku Désa Néglasari, jeung di kulon diwatesan ku perhutani Kabupatén Bogor.

Sanggar Pusaka Karuhun mimiti diadegkeun tur dipingpin ku Abah Jamhani. Sanggeus Abah Jamhani maot, dituluykeun ku anak **Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*


Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

kahijina nya éta Abah Juhroni, tuluy sangeus Abah Juhroni maot, dituluykeun ku anakna nya éta Kang Cecep Suryapati nepi ka ayeuna. Bagan para inohong anu mekarkeun kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun, saperti ieu di handap.

Bagan 3.2

Silsilah Alih Waris dina Kapamingpinan Sanggar Pusaka Karuhun



Ti mimiti Abah Jamhani mingpin Sanggar Pusaka Karuhun muridna lain masarakat lembur Pabuaran wungkul, tapi ti sababaraha lembur di Kecamatan Jasinga, Nanggung, Tenjo, jeung ti wewengkon Provinsi Banten. Kiwari Sanggar Pusaka Karuhun dipingpin ku Kang Cecep, anggotana anu masih kénéh aktif téh lolobana ti Kecamatan Jasinga. Kapangurusan Sanggar Pusaka Karuhun dina taun 2017 nepi ka ayeuna katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1

Struktur Organisasi Sanggar Pusaka Karuhun

No	Wasta	Umur	P/I	Kalungguhan
1	Cecep Suryapati	38	P	Pupuhu
2	Jaenal Abidin	33	P	Wakil Pupuhu
3	M. Ridwan Solih .N	35	P	Sekretaris I
4	Hari Sopian	30	P	Sekretaris II
5	Siti Sulastri	20	I	Juru Simpen I
6	Siti Rohmah	21	I	Juru Simpen II
7	Dulhadi	40	P	Humas

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

No	Wasta	Umur	P/I	Kalungguhan
8	Saprudin	32	P	Pelatih
9	Hermawan	36	P	Pelatih
10	Aziz	20	P	Anggota
11	Caca	8	I	Anggota
12	Erli	14	I	Anggota
13	Fauzan	15	P	Anggota
14	Fadlan	15	P	Anggota
15	Gandi	17	P	Anggota
16	Heru	9	P	Anggota
17	Iman	19	P	Anggota
18	Ismi	12	I	Anggota
19	Juju	14	I	Anggota
20	Julkifli	26	P	Anggota
21	Koko	22	P	Anggota
22	Karin	13	I	Anggota
23	Kornita	16	I	Anggota
24	Mila	18	I	Anggota
25	Pinpin	10	I	Anggota
26	Qori	14	I	Anggota
27	Ridho	24	P	Anggota
28	Resti	22	I	Anggota
29	Sansan	19	I	Anggota
30	Siti Sulastri	30	I	Anggota
31	Yasa	30	P	Anggota
32	Wiwid	25	I	Anggota

### 3.2.3 Subjék Panalungtikan

Sanggar Pusaka Karuhun mangrupa hiji-hijina sanggar anu aya di Désa Cikopomaya anu ngawengku sababaraha widang, nya éta kahiji, Kasenian penca silat Sera. Penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun miboga sababaraha jurus, nya éta nonjok, nyépak, nyolok, nangkis, mateuhkeun, ngonci, bedog, jeung toya.

Gambar 3.1 Nonjok

Gambar 3.2 Nyépak

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)



Gambar 3.3 Nyolok



Gambar 3.4 Nangkis



**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG  
PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN  
BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Gambar 3.5 Koncian



Gambar 3.6 Mateuhkeun



Gambar 3.7 Bedog



Gambar 3.8 Toya



Kadua, Angklung Gubrag, kaasup waditra anu asalna ti Jawa Barat, sora anu dihasilkeunana leuwih harus, lantaran dijieunna tina awi hideung, jeung ukuranana leuwih gedé tibatan angklung séjénna. Kasenian angklung gubrag biasana dipaénkeun ku kolot baheula nalika Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

tandur. Kiwari ieu kasenian dipaénkeun ogé dina sababaraha acara, saperti dina hajatan, upacara ritual, jeung sérén taun; katilu, Réog Sunda, mangrupa kasenian anu ngadumaniskeun antara waditra, igelan, jeung kritik sosial. Kasenian réog ngagunakeun dogdog anu ditabeuh, mirig igelan anu matak pikaseurieun jeung banyolan para pamaénna; kaopat, Karawitan, mangrupa seni sora daérah anu miboga laras pélog jeung saléndro. Karawitan miboga fungsi pikeun mirig lagu atawa kawih, mirig tari utamana tari Sunda, mirig wayang, mirig longser, jrrd; jeung kalima, Singa Depa, mangrupa kasenian anu asalna ti Jasinga. Ngaran ieu kasenian idéntik jeung ngaran tempat asalna, sanajan ieu kasenian téh mirip jeung kasenian sisingaan. Anu ngabédakeunna nya éta singa depa mah bentuk sisingaanna kawas singa anu keur depa. Ilaharna dilaksanakeun dina acara nikahan jeung nyunatan, ku cara ngarak pangantén jeung budak anu rék disunat.

Widang-widang kasenian anu aya di Sanggar Pusaka Karuhun mémang kaitung réa, tapi anu jadi ciri hasna nya éta kasenian penca silat Sera. Ku lantaran kitu, anu jadi subjék ieu panalungtikan nya éta kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun kampung Pabuaran Rt. 01 Rw. 05 Désa Cikopomayak Kecamatan Jasinga Kabupatén Bogor.

### **3.3 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Ngumpulkeun data ieu panalungtikan ngagunakeun tilu téhnik, nya éta observasi partisipatif, wawancara, jeung dokumentasi.

##### **1) Observasi Partisipatif**

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik observasi partisipatif. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 64), observasi partisipatif ngalibetkeun panalungtik kana kagiatan sapopoé sumber data panalungtikan. Bari ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ilubiung jeung anu dilaksanakeun ku sumber data panalungtikan.

##### **2) Wawancara**

Ieu panalungtikan perlu ngagunakeun téhnik wawancara pikeun nyangking sumber data anu lengkep ti sababaraha narasumber.

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)



Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 72), wawancara digunakeun minangka téhnik ngumpulkeun data waktu panalungtik hayang ngalaksanakeun *studi pendahuluan* pikeun manggihan pasualan anu kudu ditalungtik, sarta waktu panalungtik hayang mikanyaho hal-hal ti *responden* sacara nyosok jero.

### 3) Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa salah sahiji métode pikeun ngumpulkeun data kualitatif kalawan nilik atawa nganalisis dokumén-dokumén ngeunaan subjék. Ieu panalungtikan tangtuna kudu aya dokuméntasi. Fakta jeung data aya dina dokuméntasi, ngawengku surat-surat, catetan sapopoé, rékaman sora, vidéo, foto, jsb. Dina dokumentasi merlukeun alat bantu saperti *handphone*, kaméra, jrrd.

Foto minangka salah sahiji hasil dokuméntasi digunakeun pikeun média dina ngagambarkeun rupa-rupa hal anu dianalisis dina ieu panalungtikan sangkan leuwih jéntré, saperti foto-foto ibing penca silat Sera, prak-prakan, unsur-unsur utama jeung unsur-unsur anu ngarajong dina kasenian penca silat Sera.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data-data anu geus kakumpul ngaliwatan sababaraha téhnik di luhur, satuluyna diolah jeung dianalisis ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditangtukeun. Téhnik ngolah data digunakeun nganalisis: (1) téhnik analisis déskripsi kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun, (2) téhnik analisis ulikan sémiotik, jeung (3) Téhnik analisis bahan ajar.

#### 1) Téhnik Analisis Déskripsi Kasenian Penca Silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun

Analisis déskripsi kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun ngawengku pedaran sajarah jeung kamekaran, unsur-unsur pangwangun kasenian penca silat Sera, jeung prak-prakan pintonan kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun.

#### 2) Téhnik Analisis Ulikan Sémiotik

Analisis ulikan sémiotik dina kasenian penca Silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun ngawengku pedaran ulikan sémiotik dumasar tiori

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

**KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Peirce anu ngabagi tanda kana tilu tipe nya éta ikon, indéks, simbol dina unsur pangwangun kasenian penca silat Sera.

### 3) Téhnik Analisis Bahan Ajar

Analisis bahan ajar dina ieu panalungtikan ngawengku cara nangtukeun kritéria milih bahan ajar jeung nyusun bahan pangajaran (artikel).

## 3.4 Instrumén Panalungtikan

### 3.4.1 Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.203), instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawé tur meunang hasil anu leuwih hadé. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

#### 1) Instrumén Observasi

Tabél 3.2  
Instrumén Cékliis Observasi

No	Indikator	Perkara anu diobservasi	Kaobservasi	Henteu
1	Prak-prakan	1) Prak-prakan kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun 2) Lila lumangsungna kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun 3) Tempat pintonan kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun	√	
2	Palaku	4) Inohong anu ngadegkeun Sanggar Pusaka Karuhuh	√	

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

		5) Palaku dina kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun		
3	Pakakas	6) Pakéan anu digunakeun dina pintonan kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun 7) Waditra/pakakas anu digunakeun dina kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun	√	

- 2) Pedoman wawancara digunakeun pikeun nyangking informasi lisan. Pedoman wawancara mangrupa pituduh atawa acuan anu dipaké waktu ngalaksanakeun wawancara, anu eusina pertanyaan-pertanyaan pikeun ditanyakeun ka narasumber anu tangtu. Formatna saperti ieu di handap.

Tabel 3.3  
Format Data Informan

Wasta	:
Tempat, ping gumelar	:
Yuswa	:
Pakasaban	:
Atikan	:
Kalungguhan	:

Tabel 3.4  
Format Pedoman Wawancara

No	Indikator	Patarosan
(1)	(2)	(3)
1	Sajarah	1) Kumaha kasang tukang sajarah jeung kamekaran penca silat Sera? 2) Iraha ngadegna Sanggar Pusaka Karuhun? 3) Saha anu ngadegkeunna Sanggar Pusaka Karuhun?

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

No	Indikator	Patarosan
(1)	(2)	(3)
		4) Naon kasang tukang ayana wanda kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun? 5) Naon anu jadi kaunikan penca silat Sera atawa hal naon anu diunggulkeun dina silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun ti batan anu séjén?
2	Tujuan & Mangpaat	6) Naon tujuan tina diayakeun penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun? 7) Naon mangpaat diayakeun penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun?
3	Anggota & Struktur Organisasi	8) Aya sabaraha jumlah anggota penca silat Sera anu masih aktif di Sanggar Pusaka Karuhun? 9) Anu kumaha kritéria anggota penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun? 10) Rata-rata anu jadi anggota, yuswana sabaraha taun? 11) Kumaha struktur organisasi di Sanggar Pusaka Karuhun?
4	Rutinitas	12) Naon waé kagiatan anu diayakeun di Sanggar Pusaka Karuhun? 13) Iraha waé jadwal latihan silatna? 14) Kumaha prosés ti saméméh latihan nepi ka réngséna? 15) Wanda gerakan naon waé anu dilatihna? 16) Aya sabaraha jurus jeung jurus naon waé anu dilatihna? 17) Pakakas atanapi pakarang naon anu digunakeun dina penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun? 18) Raksukan anu kumaha anu dipake latihan? 19) Aya tingkatan anu dicirian ku beubeur atanapi henteu?
5	Tatahar	20) Naon waé anu kudu ditataharkeun méméh midangkeun penca silat Sera? 21) Sok aya sasajén atawa tradisi husus anu kudu dilakukeun saméméh midangkeun penca silat Sera? Mun aya naon waé?

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

No	Indikator	Patarosan
(1)	(2)	(3)
6	Prak-prakan	22) Dina acara naon waé penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun midangna? 23) Di mana tempat midangna? 24) Iraha jeung sabaraha lila waktu midangkeunana? 25) Naon waé waditra anu dipaké dina mirig kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun? 26) Pakakas atawa pakarang naon waé anu dipaké nalika midangkeun penca silat Sera? 27) Naon waé kalengkepan raksukan anu dipaké nalika midang? 28) Wanda gerakan naon anu dipidangkeunana? 29) Jurus naon waé anu dipidangkeun? 30) Biasana dipirig ku kawih naon waé nalika midang penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun? 31) Naha kedah aya sindén atanapi henteu?

- 3) *Handphone*, mangrupa salah sahiji alat anu digunakeun nalika panalungtikan. Saluyu jeung fungsi hp anu mangrupa alat komunikasi, hp di dieu digunakeun pikeun alat komunikasi jeung narasumber. Lian ti éta, bisa dijadikeun pikeun ngarékam nalika wawancara sakaligus ngadokumentasikeun data-data anu aya di lapangan saperti video atawa foto-foto.

### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data

Nganalisis data ieu panalungtikan ku cara milih hasil wawancara jeung observasi sacara sistematis.

- 1) Instrumén Analisis Unsur-unsur

Tabél 3.5  
Kartu Data Analisis Unsur-unsur

Sajarah
1. Déskripsi kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun Déskripsi: Sanggar Pusaka Karuhun mangrupa sanggar kasenian penca silat Sera anu diadegkeun taun 1956 di Kecamatan Jasinga Kabupatén

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Bogor.....
<b>Unsur Pangwangun Pintonan</b>
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Tempat pintonan Déskripsi: Kasenian penca silat Sera biasana dipintonkeun di <i>outdoor</i>.....</li> <li>2. Pamaén silat Déskripsi: Pamaén silat dina kasenian penca silat Sera jumlahna 5 nepi 10 urang.....</li> <li>3. Nayaga Déskripsi: Nayaga dina kasenian penca silat Sera jumlahna 4 urang.....</li> <li>4. Ibing penca silat Sera Déskripsi: Ibing penca silat Sera ngawengku 4 parési jurus utama.....</li> <li>5. Sindén Déskripsi: Aya henteuna sindén dina kasenian penca silat Sera gumantung paménta anu ngondangna.....</li> <li>6. Busana pamaén silat Sera Déskripsi: Busana pamaén silat dina kasenian penca silat nya éta iket jeung pangsi hideung.....</li> <li>7. Waditra Déskripsi: Waditra dina kasenian penca silat Sera teu béda jeung kasenian penca silat séjénna, saperti tarompet.....</li> <li>8. Lalaguan Déskripsi: Lalaguan dina kasenian penca silat Sera saperti Buah Kawung.....</li> <li>9. Pakarang Déskripsi: Pakarang dina kasenian penca silat Sera ngalaman parobahan, misalna anu tadina réa rupana.....</li> </ol>
<b>Prak-prakan</b>
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Prak-prakan saméméh lumangsung pintonan Déskripsi: Aya sababaraha kagiatan saméméh lumangsungna pintonan kasenian penca silat Sera, salah sahijina kudu aya sasajén.....</li> <li>2. Prak-prakan nalika lumangsung pintonan Déskripsi: Aya sababaraha runtuyan dina pintonan kasenian penca silat Sera, salah sahijina mintonkeun jurus dasar.....</li> <li>3. Prak-prakan sanggeus lumangsung pintonan Déskripsi: Sanggeus bérés pintonan kasenian penca silat Sera, sakabéh anggota penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun ngariung....</li> </ol>
<b>Sémiotik</b>

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
perpustakaan.upi.edu

1.	Ikon dina kasenian penca silat Sera Déskripsi: Aya sababaraha ikon anu katitén dina kasenian penca silat Sera, di antarana pamaén silat.....
2.	Indéks dina kasenian penca silat Sera Déskripsi: Aya sababaraha indéks anu katitén dina kasenian penca silat Sera, di antarana sora laguan.....
3.	Simbol dina kasenian penca silat Sera Déskripsi: Aya sababaraha simbol anu katitén dina kasenian penca silat Sera, di antarana sasajén.....

## 2) Instrumén Nyusun Bahan Ajar

Tabél 3.6  
Kritéria Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Luyu	Teu Luyu
1.	Tujuan anu hayang dihontal	√	
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa.	√	
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna.	√	
4.	Aya gunana pikeun ngawas hiji paélmuan.	√	
5.	Luyu jeung kabutuhan katut minat siswa.	√	

Tabél 3.7  
Kartu Data Nyusun Bahan Ajar  
**Nyusun Bahan Ajar**

<b>Nyusun Bahan Ajar</b>
--------------------------

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Judul: Kasenian Penca Silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun

1. Eusi

- Déskripsi kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun  
Déskripsi:
- Prak-prakan kasenian penca silat Sera  
Déskripsi:
- Tanda-tanda budaya anu aya dina kasenian penca silat Sera  
Déskripsi:

2. Bahan Évaluasi

- PG
- Ésséy

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG  
PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN  
BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)